



## Lokal kote moun ki bezwen swen espesyal pou sante yo kapab pare move tan

Si w gen yon ka maladi ki bezwen plis swen pase sa yo bay nan yon sant dakèy pou tout moun an jeneral ki kite kay yo, san se pa ni lopital ni nan yon sant sante w oblije ale, sa ki kab bon pou wou se yon sant dakèy pou moun ki bezwen swen espesyal pou sante yo. Sant sa yo bay swen ki pi itil pou sante w epi yo kapab suiv ou. Gen anplwaye lasante konpetan ki travay ladan yo. Epi sant yo gen dèlko, kon sa si kouran lavil la koupe, yo kab bay kèk èdtan kouran pou limyè epi pou aparèy medikal ki pi nesèsè yo mache. Nou ankouraje fanmi moun ki bezwen swen espesyal pou sante yo ansanm ak moun k ap swen yo, vin ansanm ak yo. Nou ankouraje w enskri depi davans men sa pa oblije fèt.

Moun kapab enskri depi davans nenpòt lè pandan ane a nan sant dakèy pou moun ki bezwen swen espesyal pou sante yo. Kwak sa pa oblije fèt, nou ankouraje w enskri pou w kab sèten sant la byen prepare espesyalman pou sa w bezwen.

Si w gen kesyon, oswa si w vle enskri nan Sant dakèy pou moun ki bezwen swen espesyal pou sante yo, rele Biwo Brawòd Konnti ki Broward County Human Services Department **954-537-2888 (954-537-2882)** pou moun ki gen pwoblèm tande ak pwoblèm pale).

Moun ki bezwen swen espesyal pou sante yo se moun:

- ki gen yon ka maladi ki pa twò grav men ki mande pou yon pwofesyonèl toujou ap voye je sou yo, sonde yo epi pran swen yo
- ki bezwen èd pou yo ka pran swen tèt yo oubyen pou yo ka pran remèd san se pa ni lopital ni nan yon sant sante w oblije ale
- ki bezwen moun ede yo pran remèd oubyen ede yo mezire eta sante yo si yo pa kab fè sa san èd yon pwofesyonèl.
- Tout moun zòn nan k al chèche pwoteksyon nan sant dakèy pou moun ki bezwen swen espesyal pou sante yo, y ap egzamine yo chak apa pou yo kapab wè ki kote ki pi bon pou yo selon swen yo bezwen.

Y ap fè chanjman ki merite fèt pou moun andikape ki vin nan sant dakèy yo, dapre lwa pou Ameriken ki andikape (ADA).

Si w bezwen èd pou yo transfere w yon lòt kote, si w bezwen entèprèt pou moun soud ak moun bèbè, si w bezwen lòt èd an plis, oubyen si w bezwen yon kote ki pi trankil pou yon moun ki retade mantal oswa pou yon moun ki gen maladi mantal, rele **954-537-2888** oubyen **954-537-2882** pou moun ki gen pwoblèm tande ak pwoblèm pale). Kon sa w a jwenn tout dènye enfòmasyon ki genyen.

Menm jan ak tout lòt kote piblik, tout lokal sant dakèy yo ap akeyi moun zòn nan ki mache ak chen ki o sèvis yo.

Nou ankouraje moun zòn nan mennen moun k ap swen yo, mennen pwòp fanmi pa yo tou. Epi tout lokal sant dakèy yo ap akeyi yo.

**SI W BEZVEN PLIS RANSEYMAN, ALE SOU SIT WÈB NOU NAN: [www.broward.org/atrisk](http://www.broward.org/atrisk)**



Board of County Commissioners

Josephus Eggelton, Jr. • Sue Gunzburger • Kristin D. Jacobs  
Ken Keechl • Ilene Lieberman • Stacy Ritter • John E. Rodstrom, Jr.  
Diana Wasserman-Rubin • Lois Wexler

**Human Services Department**

115 S. Andrews Ave., Room 433, Fort Lauderdale, FL 33301